



# **Rekomendasyon sou Kritè Admisyon pou Lekòl Konkou Antre yo pou Ane Skolè 2021-2022**

**Gwoup Travay pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo**  
Michael Contompasis, Ansyen Sipètentandan BPS  
Tanisha Sullivan, Prezidan, NACCP nan Branch Boston an

# Manm yo nan Gwoup Travay la

- Samuel Acevedo, Ko-Prezidan Gwoup Travay pou Rediksyon Mankman nan Opòtinite ak Akonplisman
- Acacia Aguirre, paran yon elèv lekòl John O'Bryant
- Michael Contompasis, Ansyen Direktè lekòl Boston Latin School ak Ansyen Sipètentandan BPS
- Matt Gregor, Komite Konseye Legal Depatman Sante Mantal
- Tanya Freeman-Wisdom, Direktè lekòl John D. O'Bryant
- Katherine Grassa, Direktris lekòl Curley K-8 School
- Zena Lum, yon paran elèv lekòl Boston Latin Academy
- Rachel Skerritt, Direktris lekòl Boston Latin School
- Tanisha M. Sullivan, Prezidan, Branch NAACP nan Boston, ak Ansyen Ofisyé Egzektif Ekite BPS

# Zouti Planifikasyon BPS pou Ekite Rasyal



# Lwa Entèn Gwoup Travay la

Devlope e soumèt yon rekòmandasyon bay Sipètentandan an konsènan kritè pou admision ak mekanis pou envitasyon nan lekòl konkou antre yo, pandan n ap pran an konsiderasyon enpak pandemi COVID-19 la sou kandida yo pandan dènye mwatye ane skolè 2019-2020 an, ansanm ak enpak potansyèl li sou ane skolè 2020-2021 an.

## Rannman n Dezire pou Rekòmandasyon an

- Asire ke elèv yo ap enskri atravè yon pwoesisis klè e jis pou admision pou ane skolè 2021-2022 a, k ap pran an konsiderasyon sikontans pandemi global COVID-19 la ki afekte fanmi vil Boston yo nan yon fason dispwopòsyone.
- Travay pou n genyen yon pwoesisis admision k ap kore enskripsyon elèv yo nan tout lekòl konkou antre yo nan fason I va reflete divèsite sosyoekonomik, rasyal, e jeyografik tout elèv vil Boston (kòmanse sou klas jadandanfan jiska klas 12yèm ane).

# Eleman yo nan Pwosesis Admisyon an

## Yon Egzanp Kritè Admisyon yo:

*sa ke elèv la ap soumèt kòm pati demann nan*

Nòt li yo, avan peryòd COVID-19 la

Nòt li pou otòn 2020

Evalyasyon ki te Egziste, avan peryòd COVID-19 la

Administrasyon yon Evalyasyon

Kèk faktè kalitatif (entèvyou, redaksyon, rekòmandasyon)

## Pwosesis aktyèl la

Nòt yo ap konte kòm 50 poustan  
Nòt Egzamen yo ap konte kòm 50 poustan

## Yon Egzanp Mekanis Envitasyon yo:

*metòd kote ke nou itilize kritè admisyon yo pou n detèmine kilès k ap resevwa yon envitasyon*

Klasman dirèk

Pousantaj elèv ki sot nan lekòl k ap voye yo a

Pousantaj elèv ki sot nan yon kòd postal (zip code)

Distribisyon plas yo selon estati sosyoekonomik

Lotri

Klasman dirèk

# Konsiderasyon pou Egzamen Otòn 2020

- Enpak divès koupi edikasyonèl la sou fanmi ki pa genyen anpil revni ak fanmi ki nan kategori ras koulè
- Kapasite yon egzamen pou l evalye preparasyon elèv yo pou klas lekòl konkou antre yo, etandone ke COVID-19 la te koze kèk koupi nan edikasyon yo.
- Prediksyon sante piblik yo ki di ke to enfeksyon COVID-19 la ap monte pandan sezon otòn nan ak sezon ivè k ap vini a.
- Enkapasite pou administre egzamen an aleka akoz enkyetid founisè yo genyen konsènan sekirite egzamen an.
- Lojistik pou administrasyon egzamen an, an pèsòn, pami yo: distansyasyon sosyal, onore chwa fanmi yo pou elèv yo kapab aprann aleka, ak disponibilite teknoloji pou administre egzamen an

# Rekòmandasyon Admisyon pou Ane Skolè 2021-2022

- Mete yon kanpe nan regleman aktyèl yo pou **en an**
- Idantifye kèk elèv pou **gwoup kandida yo** sou baz kritè admisyon kanè nòt presedan yo oswa rezulta evalyasyon presedan yo. Tout nòt yo ak rezulta evalyasyon yo ta kab reflete rannman yon elèv avan pandemi COVID-19 la, epi l t ap egzije verifikasyon distri skolè a (oswa yon verifikasyon parèy) ki montre ke elèv la ap bay rannman ki sou nivo klas li, selon standa yo (nòm yo) nan Pwogram Etid Massachusetts la.
- **Distribye envitasyon yo** bay elèv yo selon kritè admisyon nòt ke yo resevwa nan kanè nòt yo ak mekanis envitasyon selon kòd postal yo.
  - Jiska 20 poustan nan plas yo nan chak lekòl konkou antre rezève pou elèv ki klase pi wo nan vil la selon mwayèn nòt jeneral yo (GPA yo).
  - Rès 80 poustan envitasyon yo ap distribye selon yon konbinezon mwayèn nòt jeneral (GPA) ak kòd postal adrès elèv yo.

# Kritè Elijibilité pou yon Gwoup Kandida

- Li ouvè a tout moun ki abite Boston, kèlkeswa tip lekòl yo fè pati a
- Pou n rezoud defi COVID-19 yo, inegalite nan done akonplisman ki deja egziste yo, ak defi lojistik administrasyon egzamen an pandan pandemi a, n ap enkli nan gwoup kandida yo elèv sila yo ki satisfè kritè suivan yo:
  - Elèv ki te swa Satisfè, oswa Depase, Atant yo nan ELA (gramè/literati angle) ak Matematik egzamen MCAS la; OUBYEN ki te resevwa yon mwayèn nòt jeneral "B" pandan premye 2 peryòd notasyon ane skolè 2019-2020 an; ak
  - Yon verifikasyon distri skolè a (oswa yon otorite parèy) ki montre ke elèv la bay rannman ki sou nivo klas li, selon nòm Pwogram Etid Massachusetts la
- Nou te chwazi kritè sa yo pou asire ke elèv yo reyisi lòske yo enskri nan yon lekòl konkou antre.

# Etablisman Mwayèn Nòt Jeneral la (GPA a)

- Anviwon 83 pouzan elèv ki te enskri nan yon lekòl konkou antre nan klas 7yèm ane te toujou ret enskri nan menm lekòl la rive fen klas 10yèm ane yo, pamitwa kòwòt elèv. Elèv ki te genyen mwayèn nòt jeneral (GPA) ki pi wo lòske yo te rantre lekòl yo te genyen yon to enskripsyon kontinyèl ki pi wo lòske yo tout gwoup rasyal majè yo, esepte elèv latino yo.

Pousantaj Elèv ki Toujou Enskri nan Klas 10yèm Ane selon Ras ak GPA yo Lòske yo te Fè Demann yo

GPA nan moman elèv yo t ap fè demann yo	Azyatik		Nwa		Latino		Blan		Tout Elèv	
	Total	Pousantaj ki toujou enskri	Total	Pousantaj ki toujou enskri	Total	Pousantaj ki toujou enskri	Total	Pousantaj ki toujou enskri	Total	Pousantaj ki toujou enskri
A+	296	93%	127	86%	176	81%	568	84%	1215	86%
A	285	89%	234	82%	294	83%	356	77%	1201	82%
B	25	88%	31	84%	40	68%	38	74%	137	77%

Kòwòt ki enkli yo se : Ane Skolè 2014-2015 → Ane Skolè 2017-2018, Ane Skolè 2015-2016 → Ane Skolè 2018-2019, ak Ane Skolè 2016-2017 → Ane Skolè 2019-2020.

# Distribsyon Envitasyon yo


- 20 poustan envitasyon yo pou chak lekòl konkou antre ap rezève pou elèv ki klase pi wo nan tout vil la. N ap lanse envitasyon bay elèv ki klase wo selon mwayèn nòt jeneral yo (GPA yo) sèlman ak premye chwa prefere yo.
  - Kreye yon gwoup pou chak lekòl k ap sot nan premye 20 poustan elèv ki te klase lekòl la kòm premye preferans yo.
  - Distribye envitasyon bay elèv yo selon lòd klasman yo, jisk nou rive itilize tout kantite plas ki disponib yo. N ap itilize yon chif owaza pou n rezoud nenpòt egalite (egalizasyon) ki ta egziste ant elèv yo nan mwayèn nòt jeneral yo (GPA yo).
  - Elèv sila yo ki pami premye 20 poustan yo ki pa asire yon plas nan lekòl konkou antre prefere yo, n ap konsidere yo pou yon dezyèm opòtinite nan pwochèn tou envitasyon yo, selon kòd postal yo.

# Distribsyon Envitasyon yo


- N ap lanse rès 80 poustan envitasyon yo selon yon konbinezon kòd postal ak mwayèn nòt jeneral (GPA).
  - Chak kòd postal nan vil la ap resevwa yon kantite plas selon pouasantaj timoun vil Boston ki genyen laj lekòl ki abite nan kòd postal sila a.
  - N ap klase elèv ki elijib yo selon mwayèn nòt jeneral yo (GPA yo) nan kòd postal patikilye pa yo. N ap itilize yon chif owaza pou n rezoud nenpòt egalite (egalizasyon) ki ta egziste ant elèv yo nan mwayèn nòt jeneral yo (GPA yo).
  - N ap distribye envitasyon yo nan espas 10 tou, epi pou chak tou n ap bay 10 poustan nan plas chak kòd postal patikilye. N ap mete kòd postal yo an òd, kòmanse sou revni fwaye ki pi ba yo rive jiska a sa ki pi wo yo.
  - Nan chak tou, n ap mete elèv ki fè pati revni fwaye jeneral ki pi ba yo an premye plas, epi apresa elèv ki vin aprè yo.

# Enpak nou previ


- Prediksyon ki baze sou rekòmandasyon pwopoze a endike ke ap genyen plis divèsite rasyal, sosyoekonomik, e jeyografik, an konparezon avèk envitasyon nou te voye pandan pwosesis admisyon ane skolè 2020-2021 an.



*Envitasyon ane skolè  
2020-2021*



*Rekòmandasyon Gwoup Travay la*



*Koulè ki pi fonse yo endike plis envitasyon.*

# Kèk Rekomendasyon Anplis

- Bay sipò apwopriye – ni avan ni pandan ane skolè a - pou elèv nou admèt nan lekòl yo pou ane ane skolè 2021-2022 a, ki ka bezwen plis tan pou yo abitye tèt yo ak vitès etid lekòl konkou antre yo, malgre ke yo prepare akademikman pou kontni ki nan egzamen an.
- Agrandi Inisyativ Lekòl Konkou Antre a (ESI), kòmanse byen bonè nan klas 4yèm ane jiska oktòb nan klas 6yèm ane, pou konsantre sou akselerasyon akademik nan domèn ELA (gramè ak literati angle) ak matematik.
- Kontinye reyini yon gwoup travay ki pou bay konsèy sou kèk efò pèmanan pou elaji gwoup kandida yo, konsidere itilizasyon nouvo egzamen NWEA la ak kèk lòt eleman, sou baz sa ke n kapab aprann nan aplikasyon rekòmandasyon yo nan admisyon pou ane sa a, ansanm ak sa gwoup travay la rive aprann jiskisi nan egzaminasyon pratik kèk lòt distri ap egzekite.
- Asire kèk fon anplis nesesè pou enplemantasyon plan yo, ki dwe sot nan men vil la, e pa nan bidjè ki deja egziste a.
- Ajiste regleman aktyèl yo pou retire pwovizyon “[admisyon non tradisyonèl](#)” (ki te apwouve 16 desanm, 1992) ak “[aseptasyon ranvwaye](#)” (ki te apwouve 16 septanm, 1992).

# Kwonoloji a Apati Kounye a

- 21 Oktòb: Vòt Komite Skolè a sou rekòmandasyon an
- Si l apwouve:
  - Novanm ak Desanm 2020: Idantifye elèv sila yo ki kalifye pou gwoup kandida yo
  - Janvye 2021: Elèv ki nan gwoup kandida yo ap soumèt lekòl prefere yo
  - Fevriye 2021: BPS ap detèmine ki elèv k ap resevwa envitasyon
  - Mas 2021: N ap voye envitasyon yo
  - Avril 2021: Sipò ap kòmanse pou elèv envite yo
- Kwonoloji sa a ap pèmèt distri a satisfè kwonoloji chwa ak admisyon lekòl segondè yo pou tout lekòl, e l konfòm a kwonoloji desizyon pou lekòl sila yo ki pa lekòl BPS.

## Done yo

- Rekòmandasyon sa a se rekòmandasyon pou yon ane, apresa distri a ap retounen suiv regleman sila yo ki deja an plas nan moman sa a.
- Tout moun ki abite Boston kapab fè yon demann, kèlkeswa lekòl yo te fè pati ladan I lan.
- Sistèm sa a pa yon sistèm lotri. Nou enkòpore merit nan tout aspè li, pandanke n ap ogmante distribisyon parapò a jeyografi.
- Nan moman sa a lekòl konkou antre yo admèt elèv ki fè mwayèn A ak B ; epi elèv ki genyen mwayèn jeneral "B" pandan pwoesisis demann nan reyisi e toujou ret enskri nan yon lekòl konkou antre avèk yon to ki parèy a elèv sila yo k ap fè demann avèk yon mwayèn jeneral (GPA) "A+" oswa "A".
- Egzamen MCAS yo ak mwayèn jeneral nòt yo (GPA) ap sèvi kòm kritè pou elijibilite. Pa genyen youn k ap genyen plis pwa pase lòt.
- Rekòmandasyon an p ap diminye nan rigè lekòl konkou antre yo.
- Founisè Evalyasyon "Map Growth" NWEA a pou admisyon selektif pa bay pèmisyon pou evalyasyon yo fèt aleka.